# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–12 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में होली के मौका पर प्रधानमंत्री उज्ज्वला योजना के तहत राज्य के एक करोड़ छियासी लाख पात्र परिवारन के गैस सिलिण्डर रिफिल बदे अठारह सौ नब्बे करोड़ रूपिया क सब्सिडी बंटलें। येह दौरान वीडियो कान्फ्रेंसिंग के जरिये प्रदेस के सज्जो जिलन क प्रभारी मंत्रियो कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। मुख्यमंत्री कहलें कि सरकार गरीबन, किसानन अउर बेटियन के कल्याण बदे संकल्पबद्धता के साथे कार कइ रहलि हौ।

***हम सब आभारी हैं देश के यशस्वी प्रधानमंत्री श्री नरेंद्र मोदी जी का जिन्होंने मातृशक्ति के सशक्तिकरण के लिए इस अभियान को 2016 में प्रारंभ किया था। इस अभियान के क्रम में पूरे देश के अंदर 10 करोड़ परिवारों को फ्री में रसोई गैस के कनेक्शन मिले और उत्तर प्रदेश में यह लगभग 2 करोड लोग इस योजना से लाभान्वित हुए। मुझे प्रसन्नता है कि पर्व और त्योहार आप अच्छे ढंग से मना सकें यह एक उपहार होली के पहले आप सबको उपलब्ध करवा रहे हैं।***

जौनपुर में कार्यक्रम क सजीव प्रसारण कइल गइल। एकरे बाद राज्य मंत्री गिरीश चन्द्र के ओरि से उज्ज्वला के लाभारथियन के दीहल जा रहल सब्सिडी क प्रतीकात्मक चेक दिहलें। येही क्रम में कानपुर, शामली, आगरा, बस्ती, इटावा, अमरोहा, औरैया, उन्नाव अउर प्रदेस के कई जिलन में कार्यक्रम क सजीव प्रसारण कइ के लाभारथियन के चेक बांटल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु जौनपुर जिला के एक दिन के दौरा पर पहुंचलें। येह दौरान तीनि दिन क जौनपुर महोत्सव में हिस्सा लेवे वाले कलाकारन के सम्मानित कइले के सथहीं एक हजार एक नया बिबाहित जोड़न के आपन आसीरबाद दिहलें। श्री योगी अपने सम्बोधन में कहलें कि धन के अभाव में अब कउनहूं बेटी के बियाह में कउनों बाधा नाहीं आई।

**मुझे बताते हुए प्रसन्नता है कि अभी तक हम लोग अपना देश में चार लाख मुख्यमंत्री सामूहिक विवाह की योजना के साथ शादी विवाह के कार्यक्रम को संपन्न कर चुके हैं बहनों और भाइयों यह चीज बताती हैं कि समाज की आवश्यकता थी कोई बेटी अनबिहाई ना रह जाए कोई मां–बाप दहेज के अभाव में अपनी बेटी को अनविहाई ना छोड़ने पाए इसके लिए जिम्मेदारी सरकार लेकर उसे बेटी का कन्यादान हम लोग करेंगे हम लोग उसे परिवार के साथ एक संबल बनाकर के खड़े रहेंगे।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने गोरखपुर क दौरा करिहें। येह दौरान श्री योगी बिहने संझा श्री श्री होलिका दहन उत्सव समिति पाण्डेयहाता के ओरि से निकारल जाये वाली भक्त प्रहलाद क भव्य सोभाजतरा में सामिल होइहें। एकरे सथहीं अगिला दिन्ने भिन्नहीं होली के मौका पर आरएसएस अउर होलिकोत्सव समिति के ओरि से आयोजित होखे वाला भगवान नरसिंग के सोभाजतरा में सामिल होइहें। कार्यक्रम में मुख्यमंत्री भगवान नरसिंग क आरती उतरले के सथहीं गुलाल अउर फूल क होली खेलिहें।

**********

प्रदेस भर में महापरब होली के ले के पुलिस सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइले हौ। पुलिस महानिदेसक प्रशान्त कुमार एके ले के दिसा–निरदेस जारी कइले हवें। उहां के कहले हईं कि तिउहार के दौरान कउनों नया रिवाज सुरू न होखे दीहल जाए। असामाजिक तत्वन से पहिलहीं पहिचान के ओकरे खिलाफ परभावी निरोधात्मक कार्रवाई कइल जाए। पछिला सालि होली से जुड़ल बिबादन अउर मामिलन क समीक्षा कइ के ओकरे हिसाबि से परभावी कार्रवाई कइल जाए।

**********

होली के तिउहार पर यात्रियन के सुविधा बदे रेल प्रसासन खास इंतिजाम कइले हौ। पूर्वोत्तर रेलवे लखनऊ मण्डल क मण्डल रेल प्रबंधक गौरव अग्रवाल आकाशवाणी समाचार से खास बातचीत में कहलें कि तिरपन गो बिसेस रेलगाड़ी होली स्पेसल के रूप में चलावल गइल हौ। उहां के कहलीं कि एक सौ ओन्तालीस रेलगाड़ी जवन कई गो जोन से सम्बन्धित हौ ऊहो पूर्वोत्तर रेलवे स्टेसन से हो के गुजरी। उहां के बतवलीं कि येह गाड़ियन में हर श्रेणी के यात्री क धियान रक्खल गइल हौ। ट्रेन में पचीस फीसदी एसी कोच जबकि पचहत्तर फीसदी नॉन एसी कोच क इंतिजाम कइल गइल हौ।

**********

बनारस में रंग क तिउहार होली पर जाजि, धरम क बंधन टूटि गइल हौ। आजु लमही के सुभाष भवन में मुस्लिम महिला फाउण्डेसन अउर विशाल भारत संस्थान की ओरि से होली उत्सव क आयोजन कइल गइल। कार्यक्रम में मुस्लिम महिला अबीरि–गुलाल से जमि के होली खेललिनिं ओहीं हिन्दू समाज क महिला लोगि उनकर साथ देत रिवाज के मोताबिक होली गीति गवलिनि।

**********

मऊ के आंगनबाड़ी केन्द्रन पर पात्र लाभारथियन के अउरियो बेसी सुविधा दिहले के उद्देस्य से आजु एक सौ छियालीस आंगनबाड़ी कार्यकत्रियन के नियुक्ति पत्र दीहल गइल। मधुबन विधानसभा क्षेत्र से विधायक रामविलास चौहान चयनित आंगनबाड़ी कार्यकत्रियन के नियुक्ति पत्र दिहलें। येह मौका पर जिला क अउरियो सीनियर अधिकारी मौजूद रहले।

**********